# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ – МИЛЛИЙ, РУЎХЫЙ МИЙРАСЛАРЫМЫЗ

(халық әпсаналары мысалында)

**Бекимбетов Азамат Мырзабаевич**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Ҳәр қандай миллеттиң материяллық ҳәм руўхый мийраслары оларды басқалардан ажратып турыўшы, ким болғанлығын ҳәм қандай тиришилик еткенлигин үрип-әдет, дәстүрлерин, тарийхын, мәдениятын, улыўма, сол миллетке характерли болған барлық белгилерин фактлер тийкарында дәлийллеп бере алатуғын өзгешеликлери менен дараланып турады. Бул мәселеде туркий тиллес халықлар орталығында қарақалпақлардың да өзине ылайық тәреплери мүнәсип орын ийелейди. Әсиресе, ата-бабаларымыздың материаллық мәдениятына болған қатнасларын айрықша атап өтиўимиз тийис.

Қарақалпақ аўызеки дөретпелери ата-бабаларымыздан усы күнге шекем жетип келген бийбаҳа ғәзийнемиз болып есапланады. Көп тараўлы миллий фольклорымыздың бай жанрлары мыңлаған жыллар даўамында халқымыздың миллий орталығындағы руўхый зәрүрликлерди қанаатландырып киятырған қәдириятларының бири. Олардың пайда болыўы, қәлиплесиўи, ҳәр қыйлы усылларда дөретилиўи ҳәм эстетикалық, этикалық қунлылықларға ийе болыўлары, мазмунларында тарийхый турмыс мәдениятымыздың өзлерине ылайық усылда сәўлелендириўлери, үрп-әдет, дәстүрлеримиз, пикирлеў, ойлаў, қыяллаў қабылетлеримиздиң рәң-бәрәңлигин тәмийнлеўши көркем факторлар илимий көзқарастан айрықша қызығыўшылықлар пайда ететуғынлығы даўсыз.

Президентимиздиң «Бизлердиң ҳәўес етиўге арзыйтуғын уллы тарийхымыз бар. Ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы бабаларымыз бар. Ҳәўес етсе арзыйтуғын шексиз байлықларымыз бар. Ҳәм мен исенемен, несип етсе, ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы келешегимиз, уллы әдебиятымыз ҳәм көркем өнеримиз де болады, әлбетте» [1], деген жуўмақлы пикириниң нәтийжелерин усы миллий фольклорымыздың мысалында көре аламыз.

Ғәрезсизликти алыў менен халқымыздың бай миллий мийрасы болған қарақалпақ фольклорына жаңа дәўир көзқарасынан изертлеў, халық мийрасына дурыс ҳақыйқый баҳасын бериў, ҳәзирги заман көзқарасы менен қайта қарап оларды үйрениў қолға алынды. Сол тийкарда қарақалпақ фольклортаныў илиминде қарақалпақ халық әпсаналарын изертлеў ҳәзирги күнниң әҳмийетли мәселеси болып есапланады.

Халық әпсаналарының белгили бир бөлегин тарийхый әпсаналар қурайды. Қарақалпақ фольклоры қурамындағы тарийхый әпсаналарға исленген анализ,

әпсаналардың бул түриниң түркий тиллес халықлар ҳәм олар менен көп тарийхый әсирлер даўамында сиясий, мәдений ҳәм экономикалық қатнаста болған алдыңғы Азия, Иран, Қубла Сибир, Хиндистан, Қытай халықларының фольклорлық традициялары менен байланыста қәлиплескенин көрсетеди.

Қарақалпақлардың миллет сыпатында қәлиплесиўиниң тарийхый басқышлары, усы миллеттиң қуралыўында түркий тиллес, сондай-ақ, тили иран тиллери группасына жататуғын әййемги дәўирлерде Каспий-Арал регионын жайлаған сак-массагет қәўимлериниң орны ҳаққында илимий орталықта сөз етиле баслаған дәўирлерден баслап-ақ, бул әпсаналар, яғный тарийхый фольклор тарийхый ҳүжжетлер менен бир қатарда тийкарғы дәреклердиң бири сыпатында алымлардың дыққатын айрықша өзине тартқан.

Қарақалпақлар ҳаққында алып барылған тарийхый, археологиялық, этнографиялық, фольклорлық изерлеўлердиң нәтийжелери сәўлеленген илимий мийнетлерде қарақалпақ халқының этногенезин қураған әййемги қәўимлерде белгили бир тарийхый басқышта ҳүкимлик еткен матриархал қатнасықлар ҳаққында айрықша сөз етиледи. Усы матриархал дүзимниң фольклорлық шығармаларда сақланыўы әсиресе қарақалпақ фольклорында айрықша көринетуғынлығын қарақалпақ фольклорындағы көплеген эпикалық фактлер менен тастыйықланған [Толстова Л.С., 1981. – 166 б]. Қарақалпақ фольклорындағы «Ҳаяллар патшалығы ҳаққында әпсана», «Гүлайым ҳаққында әпсана», «Жупар қорығы», «Назлымхан сулыў ҳәм Султан Сүйин» әпсаналары усындай эпикалық фактлердиң тийкарғыларынан есапланады.

Соның ишинде **«Ҳаяллар патшалығы ҳаққында әпсана»** Н.Каразин тәрепинен 1875-жылы Шымбай қаласында 83 жастағы кемпирден жазып алынғанлығы белгили [Каразин Н., 1875].

Әпсананың қысқаша мазмуны төмендегише: Жер, аспан, адамлар да басқаша болған баяғы дәўирлерде дүньяда үлкен Самирам атлы патшалық болған екен. Бул патшалықты Занай исимли ҳаял патша басқарып, оның ўәзирирлери, дийўанбегиси де, ләшкерлери де ҳаяллардан ибарат болған. Бул патшалықта ҳәмме бас ўазыйпаларды ҳаяллар атқарып, еркеклер үй жумыслары менен шуғылланған. Жаңа туўылған қыз балалар өз алдына тәрбияланып, ер балалардың тек жүзден бири хызметкер сыпатында алып қалынып, басқа балалар қасқыр, жолбарысларға жем қылынады екен. Олардың арасында тири қалдырылатуғынын таңлаў ўазыйпасы бир соқыр кемпирге жүклетилген екен.

Күнлерден бир күни Занай патша да жүкли болып, оның босанатуғын ай-күни жақынласады. Сонда баяғы көзи ашық кемпир еңиренип жылапты. Себебин сораса, ол Занайдың ул бала дүньяға келтириўин ҳәм сол баланың ҳаяллар патшалығын қуртатуғынлығын айтыпты. Ҳаяллар жыйналысып, бала дүньяға келгеннен кейин оны да жыртқыш ҳайўанларға жем қылыўды

уйғарыпты ҳәм еки ҳаялды оған қараўыл етип қойыпты. Аналық сезими үстем келип, туўылған баласын қалай болмасын сақлап қалыўды мақсет еткен Занай патша сол қараўыл ҳаялларды сатып алыў ушын оларға көп дүнья, жақсы жигитлер ўәде етипти. Қараўыл ҳаяллар ашкөзлиги басым келип, ақыры көнипти ҳәм Занайдың туўған улын басқа бир қыз нәресте менен алмастырып қойыпты. Солай етип, Занайдың Искендер деп ат берилген баласы басқа ҳаялдың қолында өсе берипти. Арадан жыллар өтип Искендер басқа ер адамларды изине ерте алатуғындай жигит болып камалға келеди. Сол ўақыттан баслап, ер адамлардың ҳаялларға болған наразылығы күшейе баслап, буның ақыбети көтерилиске алып келеди. Занай барлық ләшкерлерин топлап, көтерилисти бастырады. Искендер ҳаяллар кеңеси тәрепинен өлимге буйырылады. Оны өлтириў Занайдың мойнына жүкленеди. Занай ҳаяллардың алдында Искедердиң өз баласы екенлигин, соқыр кемпирдиң ҳақ екенлигин, өзиниң ҳаяллар патшалығының сап болыўына себепши болғанлығын айтып, жанына қаслық етеди. Бул хабардан ҳүррейи ушқан ҳаяллар үйлерине барып жасырынады, биразы бул патшалықты тәрк етеди. Елде еркеклердиң ҳүкимдарлығы орнап, басқа заман басланады.

Әпсана қарақалпақ халық әпсаналары комплексинде қарақалпақлардың этногенезиндеги ең әййемги дәўирлер менен байланыслы әпсаналар қатарына киреди. «Ҳаяллар патшалығы ҳаққында әпсана» оның генезиси ҳәм тарийхый төркинлери ҳаққында бир қанша илимий қараслар қарақалпақ тарийхый фольклоры бойынша кең түрде илимий изертлеўлер алып барған алым Л.С.Толстованың мийнетлетлериниң биринде келтирилип өтиледи [Толстова Л.С., 1981. – 112-168 б].

Бизге белгили, көплеген тарийхый-археологиялық изертлеўлердиң жуўмағы б.э.ш II-I мың жыллықларда Хорезм оазиси ҳәм Алдыңғы Азия арасында тығыз мәдений қатнасықлардың болғанлығын ҳәм бул қатнасықлардың Хорезмди жайлаған халықлардың материаллық ҳәм рухый мәдениятында өз излерин қалдырғанын белгилеп өтеди [Толстов С.П., 1948]. Усы мағлыўматлар тийкарында Хорезм оазиси ҳәм оған шегаралас Қубла Арал аймағына соңғы дәўирлерде қарақалпақлар қурамына кирген этник компонентлер локализациясқан. Келип шығыўы бойынша ҳәр қыйлы болған бундай этник группалар қатарында қарақалпақлардың узақ даўам еткен этногенезинде қатнасқан келип шығыўы бойынша Иранның қубла-батыс районларынан ҳәм алдыңғы Азиядан болған әййемги этник группалар да болған [Толстова Л.С., 1981. – 166 б]. «Ҳаяллар патшалығы ҳаққындағы әпсана» усы, яғный әййемги Алдыңғы Азия ҳәм Арал бойы халықларының қатнасықларының фольклордағы көриниси есапланады.

Л.С.Толстова әпсананың сюжетлик линиясының, қаҳарман исимлериниң уқсаслығы тийкарында оның төркинлерин тарийхшы Ктесий тәрепинен баян етилген б.э.ш. IX әсирде патшалық еткен әййемги Ассирия патшасы Шамммурамат ҳаққындағы әпсаналар менен байланыстырады. Алымның пикири бойынша бул әпсана шығыста кең таралып, түрли әсирлерде жасаған көплеген халықлардың фольклорында өз версияларын пайда еткен ҳәм ҳәр қыйлы көзқараслардан трансформацияласқан [Толстова Л.С., 1981. – 167 б]. Әпсананың сюжетлик линиялары бойынша қарақалпақ версиясына жақын келетуғыны оның ерте орта әсир тарийхшысы Моисей Хоренский тәрепинен келтирилип өтилген Армян версиясы есапланады [История Армении, 1958]. Әпсананың қарақалпақ, армян версиясында да жаңа туўылған ер балаларды өлимге буйырыў, патша ҳаялдың ер адам (өз баласы) себепли қаза болыў мотивлери әпсананың тийкарғы сюжет қәлиплестириўши мотивлери есапланады. Олардың арасындағы парық армян версиясында Шамирамның өлимине баласы Замасис себепши болады бирақ, бул ҳәдийсе патшалықтағы бурылыс көлеминде қаралмайды. Ал оның қарақалпақ версиясында тийкарғы коллизия патшалықта ҳүкимдарлық етип атырған ҳаяллар менен оған оппазиция болған ер адамлар арасында келип шығады. Әпсананың армян версиясында қойылған мақсет – патша ҳаялдың трагедиялық өмирин сәўлелендириў болса, оның қарақалпақ версиясының мақсети – ҳаяллар патшалығының қыйралыў себеплерин баян етиўден ибарат.

Әпсананың қарақалпақ версиясында матриархарлық қатнасықлардың ыдыраўы ҳәм оның орнына патриархал қатнасықлардың орнаўы халық, яғный, оның фольклорлық традициясы қарасынан бир патшалықтың (ҳаяллар патшалығының) қулаўы ҳәм оның орнына басқа, алдыңғы патшалықтан пүткиллей парық қылыўшы екинши бир патшалықтың (ер адамлар басқаратуғын) орнаў себеплери өз көринисин тапқан.

Әпсанада ҳаяллар ҳүкимдарлық еткен Самирамда ҳаяллар патшалығының қыйралып, ерлер ҳүкимдарлығының орнатылыўына Занай патшаның баласы Искендер себепши болады. Әпсанада тарийхый Александр Македонскийдиң нәзерде тутылып отырғанына гүман жоқ. Амазонкаларды Александр Македонский менен байланыстыратуғын мотив антик авторлар – Диодор [Диодор. – 108 б], Плутарх, Флавий Арриан, Псевдо Каллисфен [Косвен М.О., 1947. – 38 б], сондай ақ шығыста кең таралған фольклорлық [Марко Поло,1956. – 588-590] ҳәм әдебий традициялар – Низами Ганжавийдиң «Искедернама», Фирдаўсийдиң «Шахнама» дәстанлары арқалы белгили. М.О.Косвен «Ҳаяллар патшалығы ҳаққында әпсана»дағы Искендерге байланыслы мотивти Александрдың амазонкаларға байланысы ҳаққындағы мотивтиң өзине тән вариацияларының бири сыпатында қарайды.

Ҳаял-қызлардың жәмийеттеги тутқан үлкен орны, олардың ел, урыўды басқарыўы менен байланыслы болған ҳәм өзиниң тарийхый төркинлерине ийе матриархал қатнасықларды өзинде сәўлелендирген әпсаналар қатарына мазмуны бойынша бир-бирине жақын «Төребек ханым ҳәм Султан Санжар», «Назлымхан сулыў ҳәм Султан сүйин» әпсаналары киреди [Қарақалпақ фольклоры, 2014. – 29 б]. Усы әпсананың Хорезм варианты Снесарев тәрепинен Гөне Ургенчте жазып алынған [Снесарев Г.П., 1969]. Әпсаналар бас образлары, базыбир мотивлери, сюжетлик элементлери менен Геродот тәрепинен жазып қалдырған персия шахы Кир ҳәм массагетлер патшасы Тумарис ҳаққында ҳәзирги ўақытта кең мәлим болған тарийхый ўақыяны еслетеди. Бизге белгили, өзбек ҳәм қарақалпақ алымлары арасында бул дәрек тарийхый факт сыпатында қабыл етилген ҳәм ол соған сай халық прозасы қурамына аңыз сыпатында қаралмақта. Ўақыт өтиўи менен әпсанадағы көпшилик деталлар умытылып, оған кейинги дәўирге тийисли деталлар кирип, оның әпсана формасы пайда болған. Геродот келтирип өткен аңызда Парсылар патшасы Кир массагет қәўимлерин өзине бағындырып алыўды аңсатластырыў ушын ҳийле ойлайды. Бул ҳийлени әмелге асырыў ушын ол Тумаристиң алдына елшилерин жиберип, оған үйлениў нийетинде екенин билдиреди. Оның ҳийлесин дәрриў түсинген ақыллы Тумарис оның усынысын қабыл етпейди ҳәм оны урысқа шарлайды [Геродот, 1872. – 76]. Геродот жазып алған ўақыяның усы бөлеги жоқарыда биз айтып өткен әпсаналардың тийкарғы сюжетлик өзеги сыпатында қабыл етилген. Әпсаналарда сөз етилиўине қарағанда, дәрьяның аржағының патшасы Султан Санжар (екинши әпсанада Султан Сүйин) Хорезм патшасы Төребек ханымға (екинши әпсанада Назлымхан сулыў) ашық болады. Төребек ханым оған тийиўге ыразы болмағаны ушын, Султан дәрьяның сағасын бөгеўге буйрық береди. Нәтийжеде Төребек ханымның ели суўсызлықтан азап шегеди. Сонда, Төребек ханым елиниң уллылары менен ойласып бир ҳийле ойлайды. Усы ҳийлеге муўапық ол Султанның алдына барып, егер ол дәрьяның сағасын ашса, оған тийетуғынлығын айтады. Султан оның шәртин орынлап, сағаны ашады. Төребек ханым бир илажын таўып, сарайдан қашып шығады ҳәм жол бойы қулынлары сол жерде қалдырылған бийелерге гезекпе-гезек минип, елине қуўысады.

Әпсана мазмунынан көринип турғанындай, ўақыялардың буннан былай раўажы Геродот тәриплегениндей емес, ал басқаша түс алады. Бизге белгили, Хорезм оазиси халықлары арасында Әмиўдәрьяның ҳәр қыйлы дәўирлерде түрли тәбиий шараятлар, әскерий атланыслар себебинен өз ағысын өзгерткенлиги, көплеген тасыўларды басынан кеширгенликлери ҳаққында жүдә көп мағлыўматлар бар. Илимий изертлеўлерде де бул қублыслар өз тастыйығын тапқан [13]. Бизиң пикиримизше, усы ҳәдийселерге байланыслы ўақыялар

фольклорлық традицияда Әмиўдәрьның өз бағытын өзгертиўи, тасыўы менен байланыслы болған мотивлерди жүзеге келтирген. Кейин ала бул мотивлер Тумарис ҳәм Кир ўақыясына байланыслы мотивлер менен контаминацияласып «Төребек ханым ҳәм Султан Санжар», «Мазлумхан сулыў ҳәм Султан Сүйин» әпсаналарының қәлиплесиўине тийкар салған.

Әпсанада сөз етилген Төребек ханым тийкарында Алтын орданың Хорезмдеги басқарыўшысы Қутлық Тимурдың ҳаялы Өзбек ханның қызы болып, ол XIV әсирдиң ортасында жасаған [Гулямов Я.Г., 1957. – 169]. Төребек ханым күйеўи Қутлық Тимур тусында Хорезмниң Шыңғысхан басып алыўларынан кейин гүллеп жаснаўында белгили дәрежеде үлес қосқан шахс сыпатында белгили болған. Оның усы халық арасындағы абройы ол ҳаққында көплеген аңыз-әпсаналардың дөретилиўине себепши болған. Оның исми көпшилик жағдайда халық арасында бурыннан мәлим болған ҳәм фольклорлық традицияда бурыннан жасап киятырған әпсанадағы образлардың атларын Төребек ханым аты менен алмастырыў арқалы әмелге асырылған. Ал, Назлымхан сулыў ҳаққында дерлик мағлыўматлар жоқ. Бирақ, дерлик басым жағдайларда қарақалпақ әпсаналарында бул ат Төребек ханымның орнына қолланылады. Султан Санжар тарийхта 1118-1157-жылларда патшалық еткен сельджукийлер ҳүкимдары болып, ол Төребек ханымнан еки әсир бурын жасаған. Тарийхый шахс Алишер Наўайының заманласы Тимуридлер әўладына тийисли тарийхый шахс Герат ҳүкимдары Хусейин Байқара қарақалпақ фольклорында Султан Сүйин исми менен белгили болған. Тарийхый аренада бундай бир-бирине байланысы жоқ шахслардың фольклорлық традицияда бир-бирине байланыстырылып сәўлелениўи фольклор ушын заңлы қубылыс есапланады.

«Гүлайым ҳаққында әпсана» А.Утемисов тәрепинен Қарақалпақстан Республикасының Хожели районы Қумбыз аўыл турғыны 1922-жылы туўылған информатор Мырзабаев Абатдиннен жазып алынған. Әпсана өз мазмуны бойынша «Қырық қыз» қаҳарманлық эпосын еслетеди. Әпсанада Едил бойынан Гөне Үргенишке көшип келген мүйтен Мирен деген кисиниң Гүлайым атлы қызы ҳаққында сөз етиледи. Гүлайым айрықша ақыллы ҳәм ер жүрек қыз болып ержетеди. Қыз 9 жасқа келгенде сол елдиң ханы тәрепинен өлимге ҳүким етилген балаға хан тәрепинен қойылған шәртти шешип берип ханның нәзерине түседи. Қыз 14 жасқа келгенде хан қызды айттырып, жаўшы жибереди. Гүлайым оған жекпе-жек гүрес пенен байланыслы үш шәрт қояды. Хан шәрттин үшеўин де орынлай алмайды. Гүресте Гүлайым ханды жеңеди. Буған ашыўы келген патша Гүлайымның үстинен өсек таратады, буған намысы келген қыз Аққаладан Қырық қыз қалаға көшеди. Ақ қаланың ханы Гүлайымға ҳәм оның қырық қызына елди қорғаў ушын қурал-жарақ ҳәм атлар береди. Қыз

қасындағы қызларын әскерий шынығыўларға үйретип көп шынықтырады. Баяғы Гүлайымды айттырған қалмақ ханы әскерлерин изине ертип, Аққалаға келеди. Гүлайым қасындағы қырық қызы менен қалмақтың әскерин жеңеди.

Қыздың даңқын еситкен Дон бойының батырлары Полат, Шойын, Тас деген батырлар келеди. Гүлайым Шойын менен Тасты гүресте жеңеди де Полат пенен күшлери тең шығады. Қыз Қырым палўанлары Айнас, Ермақты да гүресте жеңеди. Елде болған бир тойда Гүлайым бөлеси Арыслан менен ушырысып қалып, олар бир-бирин унатып қалады. Арыслан менен Гүлайының бир-бирине ашық екенине шыдай алмаған Полат ләшкер тартып, Аққалаға келеди. Гүлайым әскерий ҳийле менен олады адастырып жибереди. Гүлайым ақыры Арысланға турмысқа шығады.

Л.С.Толстованың дурыс көрсетип өткениндей, әпсана қарақалпақлардың миллет сыпатында қәлиплесиў дәўирлерине байланыслы ҳәр қыйлы дәўирлерге тийисли болған көплеген мотивлерди өз ишине алған. Сонлықтан онда көплеген дәўирлердиң излери сақланған. Әпсанада қарақалпақлардың орта әсирлердеги этногенези менен байланыслы мотивлерге қарақалпақлардың Едил, Жайықтан Үргенишке көшиўи, Арысланның Едилден келиўи, Гүлайымды Қара теңиз, Дон, Қырымнан жигитлердиң айттырып келиўи, қалмақлар менен урыс мотивлери киреди.

Әпсананың қәлиплесиўиндеги тарийхый мийнетлерде өз тастыйығын тапқан ең дыққатқа ылайық қатлам бул әййемги дәстүрлер, ең баслысы фольклорлық традицияда сақланып қалған амазонкалыққа байланыслы мотивлер есапланады. Әпсанада Гүлайым қалмақ ханына: «Егер мени гүресте жеңе алсаң, саған турмысқа шығаман»-дейди. Сондай-ақ, ол өзин айттырып келген Дон, Қырымнан келген батырлардың да алдына усы шәртти қояды. Қызға үйлениў ушын оны жекпе-жек гүресте жеңиў шәртлиги ҳаққындағы фольклорлық мотив өз тарийхый төркинлерине ийе. Усындай дәстүр ҳаққында антик дәўир дәреклериниң биринде сөз етиледи. Элиан саклар ҳаққында айта келип: «Олардың биреўи қызға үйленбекши болса, оның менен гүресиўи тийис болған. Егер ол гүресте қыздан жеңилсе, ол пүткиллей қызға бағынған. Тек қызды гүресте жеңиў арқалы ғана ол оны өзине тийисли етип алған. Бундай гүреслер ушын саклар арнаўлы жер асты храмларына ийе болған» деген мағлыўматты келтиреди [Григорьев В.В., 1871. 37 б]. Бул әййемги дәстүр ҳәтте саклардың XIII-XIV әсирлер, яғный орта әсирлердеги дәўирлеринде де сақланып қалғанлығын Марко Поло өзиниң Түркистанға болған саяхатларында да тилге алады. Оның келтирип өткен мағлыўматы бойынша: «Түркистан патшасының қызы Анжиарм гүресте теңсиз қыз болып, сол әтирапта оны жеңетуғын жигит болмаған. Ол ҳәммени жеңген. Қыздың әкеси оны турмысқа бермекши болғанда, қыз өзине жекпе-жек гүресте оны жеңетуғын жигит

табылмағанша турмысқа шықпайтуғынлығын билдирген» [Марко Поло, 1956. – 214-215].

Фольклорда қызға талапкер жигитлердиң оны гүресте жеңиў арқалы калыңлыққа алыў мотиви жийи жағдайларда қызлардан ибарат әскерий дружина, яғный амазонкалық мотив пенен байланысып келеди. Гүлайым Ақ қалаға келгеннен кейин қасындағы қызлары менен қаланы қорғаўға қатнасады. Оның қызлардан ибарат әскерий дружинасы Аққаланы алыўға келген қалмақларды жеңилиске ушыратады. Әпсанада әййемги дәўирлерде ҳаял-қызлардың тек ғана сол урыўлардың социаллық турмысындағы жоқарғы орны ғана емес, ал олардың әскерий ҳәрекетлерде де шешиўши роль ойнағанлығы сәўлеленген. Гүлайым ҳәм оның қырық қызының халықтың жасап атырған тийкарғы орнынан басқа жерде айрылып, ол жерде әскерий шынығыўлар менен шуғылланыў ҳәрекетлери әййемги дәўирлердеги амазонкалық пенен дәреклес болған жасы бойынша бөлиниў дәстүрлерине ылайық әййемги социаллық институтлар менен байланыслы. Қарақалпақлардың этногенезин қураған урыўлардағы бундай институт ҳаққында С.П.Толстов өз мийнетинде тоқтап өткен [Толстов С.П., 1947. – 72-74 б].

С.П.Толстов кейинги дәўирлерде түркменлер арасында «Ақ үйли» аты менен белгили болған тек жас ер адамлардан ибарат болған бундай шөлкемлердиң бурынғы сак-массагет дәўирлериндеги жас қызлардан ибарат болған социаллық институтлардың қалдық формасы яғный реликти деп есаплайды [Толстов С.П., 1938. – 75 б]. Яғный, матриархал қатнасықлар ҳүким сүрген дәўирлерде бундай институтлар қурамын бирдей жастағы қыз балалар қураған ҳәм өз гезегинде фольклорда, соның ишинде биз анализлеп отырған әпсанада ол қызлардан ибарат әскерий дружина көринисинде өз сәўлелениўин тапқан.

Савромат ҳәм сак-массагет қәўимлериндеги ҳаял-қызлардың жоқарғы орны ҳәм олардың әскерий ҳәрекетлери ҳаққындағы мағлыўматларында да бул жасы бойынша классларға бөлиниў менен байланыслы институтлар ҳаққындағы мағлыўматлардың излери сақланып қалған. Мәселен, Геродот савроматлар ҳаққында жазар екен: «ҳеш бир қыз душпан өлтирмей турып турмысқа шықпайды» деген қағыйданы қатал сақлаған [Геродот, 1872. – 116-117].

Қарақалпақ тарийхый әпсаналарына ислеген анализимиз әпсаналардың бул комплексинде тийкарынан әййемги тарийхый дәўирлер солардың арасында ири тарийхый ўақыялар, белгили бир жәмийетлик формация басқышындағы социаллық институтлар, салт-дәстүрлер фольклорлық көзқарастан сәўлеленеди. Тарийхый әпсаналардың таприйхый шахсларға байланыслы түри стадиаллық көзқарастан оның екинши-тарийхый дәўир, тарийхый ўақыя ҳәм ҳәдийселерге

байланыслы әпсаналарға салыстырғанда ески болып, онда мифологиялық қарастың белгилери анығырақ, көпшилик жағдайда ўақыялар мифологиялық сюжетлер схемасына салынып баян етиледи. Тарийхый әпсананың тарийхый дәўир, тарийхый ўақыя ҳәм ҳәдийселерге байланыслы қәлиплескен әпсаналарда өтмиште болып өткен дәўир, ўақыя ҳәм ҳәдийселер басым жағдайда өзиниң тарийхый төркинлерине ийе болады. Улыўмаластырып айтқанда тарийхый әпсаналарда тарийхый шахс, тарийхый дәўир, ҳәдийселер халықтың поэтикалық пикирлеў, қараслары ҳәм өз гезегинде әпсана жанрының объективлик шынлықты қамтыў имканиятларынан келип шыққан ҳалда өзине тән өзгешеликлер арқалы сәўлелендиреди.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Қараңыз: http://kknews.uz/kk/1712.html // Ш.М.Мирзиёевтың 2017-жыл 3-август күни елимиздиң дөретиўши зыялылары ўәкиллери менен ушырасыўындағы сөзи.

2. Геродот. История. – Ленинград. 1872. – с. 76.

3. Григорьев В. В. О скифском народе саках. СПб., 1871. – с. 37.

4. Гулямов Я. Г. История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней. – Ташкент. Изд-во АН УзССР. 1957. – с. 169.

5. Диодор. Библиотека V. – с. 108.

6. История Армении Моисея Хоренского // Пер. с арм. Н.Эмин. – Москва. 1858. – с. 51-56.

7. Каразин Н. Легенда о женском ханстве. Древняя и новая Россия. 1875.

8. Книга Марко Поло //Пер. старофранц. Текста И. П. – Москва: Географгиз, 1956. – с. 214-215.

9. Книга тысяча и одной ночи. // Перовод и коментарии М.А.Салье, под. ред. акад. И.Ю.Крачковского. т. 5. 1933. ночи. – с. 588-590.

10. Косвен М.О. Амазонки. История легенды. СЭ. 1947. №2. – с. 38.

11. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 78 т. – Нөкис. 2014. – Б. 29.

12. Снесарев Г.П. Реликты домусульманских верований и обрядов у узбеков Хорезма. – М.: 1969.

13. Толстов С. П. Древний Хорезм. – Москва. Изд-во МГУ, 1948.; По следам древнехорезмийской цивилизации. – Москва. Изд-во АН СССР. 1948.; Кой кырылган кала – памятник культуры древнего Хорезма IV в. до. н. э. и IV в. н. э. – ТХЭ, 1967. т. V.; По древним дельтам Окса и Яксарта. – Москва. Изд-во вост. Лит., 1962.; Гулямов Я.Г. История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней. – Ташкент. Изд-во АН УзССР. 1957.

14. Толстов С. П. К вопросу о происхождении каракалпакского народа. КСИЭ. 1947, в. II. – с. 72-74.

15. Толстов С.П. К истории древнетюркской социальной терминологии. ВДИ, 1938, № 1-2. – с. 75.

16. Толстова Л.С. Исторические предания Южного Приаралья. – Москва. 1981. – с. 166.